



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU ENVESTISMAN REJYONAL MID-HUDSON YO NAN KAD BIDJÈ EGZEKITIF POU ANE FISKAL 2024 LA

Bidjè a gen ladan 250 milyon dola pou finanse enfastrikti lojman; 20 milyon dola pou asistans nan planifikasyon

Gen ladan 240 milyon dola nan pwojè kapital Depatman Transpò ak 27 milyon dola pou reparasyon wout lokal yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a detay sou pwopozisyon kle yo nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2024 li a pou ogmante djòb ak ranfòse ekonomi an nan rejyon Mid Hudson nan New York. An akò ak Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 a, bidjè a gen ladan yon gwo envestisman pou ogmante rezèv lojman ak elaji opòtinite ekonomik ak inovasyon nan rejyon an.

"Gwo envestisman nan lojman, edikasyon ak enfastrikti nan rejyon Mid-Hudson enpòtan pou ede kominote lokal la ak ekonomi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a baze sou efò ki deja ankou pou asire rejyon an san danje, abòdab ak rezistan a difikilte alavni yo -- sa k ap kreye yon rejyon Mid-Hudson ki pi pwospè pou jenerasyon alavni yo".

Plizyè nan pwopozisyon bidjetè Gouvènè Hochul te anonse jodi a an akò ak [Plan Inovasyon Ekonomik](#) lan te anonse nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 a pou ogmante djòb ak biznis yo nan elaji opòtinite ekonomik ak inovasyon atravè Eta New York atravè envestisman sible, sipò biznis ak lòt pwogram ki vize endistri ki gen gwo kwasans yo. Bidjè Gouvènè a gen ladan tou plizyè inisyativ pou investi nan edikasyon siperyè ak amelyore atraksyon lokal yo atravè eta a. Pou Rejyon Mid-Hudson, plan an gen ladan:

- 3.6 milya dola nan Èd pou Lekòl (School Aid) pou Rejyon Mid-Hudson Valley
- 451.5 milyon dola ogmantasyon nan Èd pou Fondasyon (Foundation Aid)
- Plan 337 milyon dola pou redui vyolans ak zam
- Fon enfastrikti lojman 250 milyon dola ak 20 milyon dola pou asistans nan planifikasyon
- 240 milyon dola nan pwojè kapital DOT, sa gen ladan:
 - 51 milyon dola pou reparasyon/ranplasman pon
 - 45 milyon dola pou Pon Wurts Street nan Kingston

- 30 milyon dola pou nouvo ranp Route 17
- 60 milyon dola pou Pak Eta Bear Mountain
- 57 milyon dola finansman pou sèvis adiksyon
- 45 milyon dola pou GO SEMI: Biwo Gouvènè a pou Ekspansyon, Jesyon ak Entegrasyon Semikondiktè (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management and Integration, GO SEMI), ki pral sipòte ekspansyon endistri fabrikasyon semi-kondiktè a nan tout Nò Eta New York.
- 27 milyon dola pou reparasyon wout lokal
- 14.8 milyon dola pou Bellayre Mountain
- 1.3 milyon dola pou sèvis ant kòlèg veteran
- 1.5 milyon dola pou finansman lojman katye ak prezèvasyon riral

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Rejyon Mid-Hudson, ki abrite bote natirèl ak yon sant pou edikasyon avanse ak inovasyon, te atire plis kantite vizitè ak nouvo rezidan nan dènye ane yo. Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul la rekonèt nesosite pou investisman estratejik nan lojman, enfrastrikti ak opòtinite ekonomik siplemantè ki pral sipòte ak asire kwasans alontèm rejyon an".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418